

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMNDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan: (1) kacindekan, (2) implikasi, jeung (3) rékoméndasi.

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data jeung pedaran panalungtikan, panalungtikan ngeunaan média vidéo animasi dina pangajaran maca aksara Sunda ka siswa kelas VIII.8 SMPN 52 Kota Bandung taun ajar 2023/2024, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- a. Kamampuh maca aksara Sunda saméméh ngagunakeun média vidéo animasi kagolong kana katégori ‘Kurang’ kalawan rata-rata 41,1. Kamampuh maca aksara Sunda dina ieu panalungtikan dumasar kana aspék-aspék anu dipeunteun nyaéta: 1) aspék aksara ngalagena kagolong kana katégori ‘Kurang’, kalawan rata-rata 22,1 (46,6%) tina total peunteun 47,5; 2) aspék aksara swara kagolong kana ‘Kurang pisan’, kalawan rata-rata niléy 0,3 (12%) tina total peunteun 2,5; 3) aspék rarangkén luhur kagolong kana katégori ‘Kurang’, kalawan rata-rata 7,9 (31,6%) tina total peunteun 25; 4) aspék rarangkén handap kagolong kana katégori ‘Kurang pisan’, kalawan rata-rata 3,1 (24,8%) tina total peunteun 12,5; jeung 5) aspék rarangkén sajajar kagolong kana katégori ‘Cukup’, kalawan rata-rata 7,7 (61,6%) tina total peunteun 12,5. Hartina, siswa can maham kana kaé dah-kaé dah aksara Sunda anu bener utamana dina aksara ngalagena jeung aksara swara.
- b. Kamampuh maca aksara Sunda sanggeus ngagunakeun média vidéo animasi kagolong kana katégori ‘Hadé’ kalawan rata-rata 81,6. Kamampuh maca aksara Sunda dina ieu panalungtikan dumasar kana aspék-aspék anu dipeunteun nyaéta: 1) aspék aksara ngalagena kagolong kana katégori ‘Hadé’, kalawan rata-rata 41 (86,3%) tina total peunteun 47,5; 2) aspék aksara swara kagolong kana katégori ‘Cukup’, kalawan rata-rata niléy 1,7 (68%) tina total peunteun 2,5; 3) aspék rarangkén luhur kagolong kana katégori ‘Hadé’, kalawan rata-rata 18,8

(75,2%) tina total peunteun 25; 4) aspek rarangkén handap kagolong kana katégori ‘Hadé’, kalawan rata-rata 9,7 (77,6%) tina total peunteun 12,5; jeung 5) aspek rarangkén sajajar sajajar kagolong kana katégori ‘Hadé’, kalawan rata-rata 10,4 (83,2%) tina total peunteun 12,5. Hartina, siswa geus maham kana kaéda-kaéda-aksara Sunda anu bener utamana dina aksara ngalagena jeung aksara swara.

- c. Aya béda anu signifikan antara kamampuh maca aksara Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média vidéo animasi ka siswa kelas VIII.8 SMPN 52 Kota Bandung taun ajar 2023/2024, kalawan rata-rata *pre-test* jeung *post-test* tina saméméh ngagunakeun média vidéo animasi nyaéta 41,1 ngaronjat jadi 81,6 tina total 25 siswa. Hasil anu béda tina kamampuh maca aksara Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média vidéo animasi ieu dibuktikeun ngaliwatan uji statistik nyaéta uji sipat data atawa uji normalitas jeung uji hipotésis. Tina hasil uji sipat data nuduhkeun distribusi anu normal nyaéta niléy signifikansi *pre-test* nuduhkeun  $0,196 > 0,05$  jeung hasil tina uji normalitas *post-test* nuduhkeun  $0,624 > 0,05$ . Kadua data ieu nuduhkeun yén  $P > 50\%$  anu bisa dicindekkeun yén data panalungtikan ieu distribusina normal. Anapon uji hipotésis dina ieu panalungtikan ngagunakeun uji statistik paramétrik kalawan uji *T-test*. Dumasar kana hasil uji hipotésis nuduhkeun hasil Sig.(2-tailed) aya diangka 0,000 anu hartina aya dina  $< 0,05$ . Ku kituna  $H_1$  ditarima jeung  $H_0$  ditolak. Hartina, tina ieu hasil panalungtikan aya béda anu signifikan tina hasil kamampuh maca aksara Sunda siswa kelas VIII.8 SMPN 52 Kota Bandung taun ajar 2023/2024 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média vidéo animasi.

## 5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil dina ieu panalungtikan, larapna média vidéo animasi dina pangajaran maca aksara Sunda miboga implikasi yén ieu média bisa ditarima ku siswa. Nalika prak-prakana ngagunakeun média vidéo animasi di kelas, siswa leuwih aktif, maham, jeung hapal kana aksara Sunda lantaran ngagunakeun vidéo anu ngamangpaatkeun média sacara audio jeung visual. Digunakeunana média vidéo animasi ieu jadi salahsiji cara pikeun nuwuhkeun sikep kréatif guru jeung siswa dina ngamekarkeun ideu ku cara ngamangpaatkeun téhnologi, jeung bisa

nyiptakeun éféktifna kagiatan diajar di kelas. Dina ngagunakeun média ieu ogé masih aya kénéh kurangna, nyaéta ngabutuhkeun tatahar jeung kamampuh ti guru sangkan bisa nyieun vidéo animasi anu leuwih ngirut deui kana kagiatan diajar di kelas.

### **5.3 Rékoméndasi**

Dumasar kana kacindekkan di luhur, yén média vidéo animasi téh cocog jeung éféktif pikeun kamampuh maca aksara Sunda. Aya sawatara rékoméndasi ti panalungtik sangkan panalungtikan anu satulunya bisa leuwih hadé, di antarana waé saperti ieu di handap.

- a. Média vidéo animasi bisa dijadikeun salasahiji alternatif pikeun guru dina pangajaran maca aksara Sunda.
- b. Dina panalungtikan maca aksara Sunda ngagunakeun média vidéo animasi, aya sawatara hal anu kudu diperhatikeun, nyaéta: 1) kudu bisa nyieun vidéo animasi anu leuwih ngirut kana minat diajar siswa; 2) ngarancang jeung tatahar pikeun kagiatan diajar luyu jeung tujuan pangajaran; 3) kudu bisa nyiptakeun kagiatan diajar anu kondusif sangkan sakabéh siswa bisa leuwih fokus tur maham kana matéri ajar.
- c. Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep média vidéo animasi dina pangajaran maca aksara Sunda atawa pangajaran séjénna bisa leuwih ngabuktikeun yén hasil pangajaran maca ogé bisa ngamangpaatkeun média pangajaran hususna média vidéo animasi.